

## **Reyalite Konsènan Travayè Agrikòl Tanporè (Moun ki gen Viza H-2A yo) ak Asirans Sante**

### **Èske moun ki gen viza H-2A yo kalifye pou pwoteksyon asirans sante nan NY State of Health?**

Wi. Selon Patient Protection and Affordable Care Act (ACA) moun ki gen viza H-2A yo kalifye pou enskri nan Plan Sante Kalifye. Selon nivo revni yo, moun sa yo kapab kalifye pou kredi sou taks federal pou redwi prim yo gen pou peye chak mwa a ak rediksyon nan depans yo sipoze pataje pou ede diminye depans yo pou sèvis swen sante. Moun revni yo sou 200% nivo pòvrete federal la oswa pi ba kapab kalifye pou Plan Esansyèl la.

### **Èske moun ki gen viza H-2A yo kalifye pou Medicaid?**

Non. Moun ki gen viza H-2A ki gen revni ba yo t ap kalifye pou enskri nan Plan Esansyèl, ki se Pwogram Sante Debaz New York la, pa Medicaid.

### **Si yon aplikan enskri nan yon Plan Sante Kalifye oswa Plan Esansyèl la, èske sa pral afekte kalifikasyon li pou yon viza H-2A?**

Non. Menmsi ou enskri nan Plan Sante Kalifye oswa Plan Esansyèl la, sa pa pral afekte yon aplikasyon pou viza H-2A. An reyalite, selon ACA, moun ki gen viza H-2A yo dwe enskri nan youn nan pwogram sa yo paske yo ka responsab pou sanksyon taks federal selon ACA, si yo pa gen asirans sante.

### **Èske gen avantaj sante ki te ka afekte yon aplikasyon pou viza H-2A?**

Wi. Kèk moun ki gen viza H-2A, ki bezwen sèvis swen sante alontèm ki pa gen pwoteksyon Plan Esansyèl la, kapab kalifye pou Medicaid. Lè yon moun enskri nan sèvis swen sante alontèm Medicaid nan yon mezon retrèt oswa sant sante mantal, sa kapab fè yo pa aksepte yon aplikasyon pou yon viza H-2A kòm yon chaj piblik.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kalifikasyon moun ki gen viza ki pa imigran pou pwoteksyon selon ACA, tanpri gade enfòmasyon Department of Health and Human Services pou aplikan nan <https://www.healthcare.gov/immigrants/lawfully-present-immigrants/>